Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 7 (6795) 21 февраль 2022 с. Итни Ражаб 1443 с. Багъа - эркенаб

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## Инхо-Килалъ – цIияб хъил тIураб нух

ХIалтIабазул къадаралъул хIисаб гьабуна

**Бакълъул районалда Инхо-Килалъ нух сверун унеб хъил тIураб цIияб трасса гьабизе буго. Муниципалитеталъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалипов дандчIвана Дагъистаналъул Минтрансалъул Проектниияб институталъул директор Раул Абакаровгун. Нух гьабизе бугеб бакIалъул проект бахъиялъул ва гIорхъи чIезабиялъул хIалтIаби гьарулел руго. Гьединго гьеб бакIалъул проектниябгун сметаялъулал документал хIадурулел руго.**



Гъалип Гъалиповас баркала загьир гьабуна инхдерие ва килдерие гьеб проект нухдаинабизе жигар бахъаралъухъ. Гъалиповас хасаб баркала кьуна Дагъистаналъул Муфтий шайих АхIмад Афандие (къ.с.) нух баялъул хIалтIаби гIумруялде рахъинаризе ва гьел росаби цолъизе квербакъаралъухъ. Муниципалитеталъул нухмалъулев гIемер дандчIвана Дагъистаналъул транспортalъул ва нухлул магIишаталъул министрасул ишал тIуралев Ширухан ХIажимурадовгун. Гъалип Гъалиповасул ва Раул Абакаровасул дандчIваялъул хIасилалда цIияб Килалъ-Инхо трассалъул маршрут чIезабуна, гьаризе ругел хIалтIабазул къадаралъул хIисаб гьабуна.

«Гумбет» РИО

ГIУМРУДУЛ ШАРТIАЛ ЛЪИКIЛЪИ

## Мина-карт къачIазе – сурсатал

Венгриялъул лъугьа-бахъиназул гIахьалчагIазе сертификатал кьуна

**Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас Венгриялъул лъугьа-бахъиназул гIахьалчагIазул хъизабазе мина-карт къачIазе рес щолел сертификатал кьуна. Гьедин, 840 азаралда 744 гъурущ тIад бугеб сертификат щвана цере рехасарал лъугьа-бахъиналъ гIахьаллъи гьабурав Игьали росулъа Шамсудин МухIамадовасул хъизаналъе.**



Гьединалго сертификатал кьуна ЧIиркъатIа росулъа Венгриялъул лъугьа-бахъиназул гIахьалчиясул къоролай Хадижат ГIабидовалъе ва Игьалиса ГIабдулбасир МухIамадовасе.

Гьел сертификатал кьуна Дагъистаналъул Минтрудалъул мухъалдасан. Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас сертификатал щвараздa баркана, гьарана гьезие щулияб сахлъи ва сундулъго икъбал.

«Гумбет» РИО

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## МухIамад ГIабдулмутIалиповасе – планшет

Килалъ школалъе – цIиял алатал

**Килалъ росдал гьоркьохъеб школалъул 2-абилеб классалъул цIалдохъан МухIамад ГIабдулмутIалиповас ЦIияб соналдехун Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путинихъе ТIолгороссиялъулаб «Анищазул ёлка» абураб акциялда рекъон кагъат хъван букIана. Гьесул анищ букIана планшет щвей. 2022-абилеб соналъул январалда Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас ГIабдулмуталиповасе планшет босизе рес щолеб сертификат кьуна.ГьитIинав магIаруласухъе муниципалитеталъул нухмалъулесул**



**сайгъат щвана, гьес баркала загьир гьабуна анищ тIубазе квербакъаразе. Гъалип Гъалиповасул тIадкъаялда рекъон лъайкьеялъул идараялъул хIалтIухъан Сурхай Сурхаевас «Анищазул ёлка» абураб акциялъул гIахьалчи МухIамад ГIабдулмуталиповасе планшет кьуна.**

Гъалиповас гьединго рагIи кьун букIана килдерил гьоркьохъеб школалъул методкабинет цIиял алатаздалъун хьезабилин. Гьедин, цIалул идараялъул 70-абилел соназго букIараб къайи хисун, цIияб лъуна. Районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасул цIаралдасан Бакълъул районалъул лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъан Сурхай Сурхаевас школалъул педсоветалда баркана мугIалимазда ва цIалдохъабазда гьанжесеб заманалъул бакIал, шкафал ва гь.ц щвей. Школалъул вакилзабаз Гъалип ГIисахIажиевич Гъалиповасе баркала загьир гьабуна суал тIубаралъухъ, гьарана гьесие хIалтIулъ бергьенлъаби ва щулияб сахлъи.

«Гумбет» РИО

НОМЕРАЛДА РУГО:



Афгъаналъул рагъ лъугIун – 33 сон
- 2 гьум.



ГIазра Исубилаева: «Районалъул руччабазул гIумрудул шартIал лъикIлъизе бажараpаб гьабизе буго»
- 2 гьум.




Сулайман МухIамаднуровас тIахьал рикьана
- 2 гьум.



Памятник гьабуна дица диего…
- 2 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ГIали-хIажи

№ 7 21 февраль 2022 с.

САХАВАТЧАГIАЗ ККУРАБ ДУНЯЛ

# Сулайман МухIамаднуровас тIахьал рикьана

### ЦIилкьадерица тIахьал сайгъат гьариялъул къо кIодо гьабуна

**Россиялда щибаб соналъ, цоги улкабазда гIадин, тIобитIула тIахьал сайгъат гьариялъул къо. Гьеб байрамалда хурхарал тадбирал тIоритIана Бакълъулазул мухъалдаги. Гьедин, ЦIиликь росдал гьоркьохъеб школалда Сулайман МухIамаднуровасул жигаралдалъун щибав цIалдохъанасе, мугIалимасе рикьана ХасмухIамадхIажил Абубакаровасул гIумрудул хIакъалъулъ хъварал тIахьал.**



«Сулайман МухIамаднуровас росдал, школалъул библиотекабазе, цIалдохъабазе, мугIалимазе рикьана берцинаб сабру гьабиялъул мисал бихьизабурав ракьцояв ХасмухIамад-хIажи Абубакаровасул хIакъалъулъ хъварал тIахьал. РакI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго гьеб тIехь гIуцIизе, кьватIибе биччазе квербакъаразе, Сулайман МухIамаднуровасе цIияб гIелазул рухIияб рахъ бечед гьабизе, гIагараб ракьалъул тарих лъазабизе бахъулеб хIаракаталъухъ.

ТIахьал цIалиялдалъун инсанасул пикраби камиллъуна, мацI пасихIлъула, киналго рахъал церетIола. Хасго лъималазе кIудияб пайда щола тIахьазулгун гьудуллъи гьабиялдасан. ХасмухIамад-хIажи Абубакаров гIадинав цIар рагIарав ракьцоясул гIумрудул баян гьабурал тIахьал кьватIире риччай буго рохизе ккараб иш»,- ян абуна ЦIиликь росдал школалъул директор Мурадбег ХIажибеговас. Гьеб школалда араб анкьалъ гьединго Россиялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОГИБДД ОМВДялъул нухмалъулев, полициялъул майор Расул Аххубеговасул гIахьаллъигун тадбир тIобитIана. ЦIалдохъабазе Аххубеговас баян гьабуна нухлул хьвадиялъул къагIидаби цIунизе кколебльиялъул, наркотикал ва цогидал инсанасе зарал гьабулел жал хIалтIизаризе бегьунгутIиялъул.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# ГIазра Исубилаева: «Районалъул руччабазул гIумрудул шартIал лъикIлъизе бажарараб гьабизе буго»

### ДРялъул руччабазул гIуцIиялъ хIалтIул хIасилал гьаруна

**Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Республикаялъулаб библиотекаялда Дагъистаналъул руччабазул гIуцIиялъул хIасилал гьарураб конференция тIобитIана. Данделъиялда 2021-абилеб соналъул хIасилазул ва 2022-абилеб соналъ гьаризе гIужие росарал хIалтIабазул бицана гьеб гIуцIиялъул нухмалъулей Интизар Мамутаевалъ. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул районазул ва шагьарзул руччабазул гIуцIабазул вакилзабаз.**



Бакълъулазул район конференциялда бихьизабуна муниципалитеталъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулелъул заместитель ГIазра Исубилаевалъ. «МахIачхъалаялда гьединго тIобитIана Афгъанистаналдаса рагъулал аскарал нахъе рачиналъул къо кIодо гьабураб форумги. Гьенире ахIарал афгъаналъулазда гьоркьой йикIана Бакълъул районалъул Килалъ росулъа Зумайрат МухIамадгIалиеваги. Интизар Мамутаевалъ лъикIаб къимат кьуна нильер районалъул руччабазул гIуцIиялъул хIалтIуе. Районалъул руччабазул гIумрудул шартIал лъикIлъизе бажарараб гьабизе буго»,- ян абуна ГIазра Исубилаевалъ.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ЧАРАНЛЪУН КЪВАКIУЛА, КЪО ККАРАБ МЕХАЛЪ

# Афгъаналъул рагъ лъугIун – 33 сон

### ВатIан бокьиялъул тадбирал тIоритIана Бакълъул мухъалда

**Афганистаналда рагъулал тунка-гIусиязда нильер ВатIаналде аскарал тIад руссаралдаса 33 сон иналъул хIурматалда тадбирал тIоритIана Бакълъулазул районалъул росабалъ. Рагъухъан –интернационалист Инус ХIайдаровги ахIун, ракIалдещвеялъул данделъи гIуцIана ЧIикь аслияб школалда. Афганистаналда рагъулаб борч борхулаго, живго лъукъиялъул бицана гьес лъималазе. Муниципалитеталъул лъималазул творчествоялъулаб рукъалъул хIалтIухъабаз «Рагъухъаби-интернационалистазул къо» абураб тадбир тIобитIана.**



ЛъаратIа росдал маданияталъул хIалтIухъаби ГIумар МухIамадов ва Бариат ГIалиева ракьцояв рагъухъан-интернационалист А. ХIасановасухъе гьоболлъухъ щвана. Квер лъукъараб куцалъул, рагъулал гьудулзабазул бицана гьес. Гьединго маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул директорасул жигаралдалъун стендал, буклетал хIадур гьаруна. Первомайск росдал КДЦялъул нухмалъулей Чакар Гъазалиевалъ «Афганистан – чIагояб ракIалдещвей» абураб темаялда тIасан гара-чIвари гIуцIана. Лъималазе баян гьабуна щиб гIиллаялдалъун советиял азкарал Афганистаналде рачарал. ЦIалдохъаби гьираялда гIенеккана тадбир гIуцIаразухъ.

Афганистаналдаса советиял аскарал нахъе рачаралдаса 33 сон иналъул къо кIодо гьабуна ЧIиркъатIа росулъги. «РакIалдещвеялъ нильгьан жеги Афганистаналде рачана» абураб ракIалдещвеялъул сагIат тIобитIана гьениб. Тадбир гIуцIана маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул директор Жамиля МухIамадовалъ. ЦIалдолезе КДЦялда «РакIалдещвеялъе мутIигIал руго» абураб фотостендги хIадурана. Нарыш росулъ КДЦялъул директор ПатIимат ТIалхIатовалъ цIалдохъабазул гIахьаллъигун «Афганистан – нильер ракIалдещвей ва рекIел бухIи» абураб гара-чIвари гьабуна.

**«РакIалдещвеялъул тIанчал регулаго»**

Афганистаналъул лъуга-бахъиназулъ гIахьаллъарав ракьцояв Багьавудин АхIмадовгин дандчIвана Гъоркь Инхо росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби. «Афгъаналъул рагъул солдатал» абураб бахIарчилъиялъул дарс тIобитIана МельелтIа росдал КДЦялъул директор ГIазра Халидовалъ. ЦIалдохъабазулгун «РакIалдещвеялъул тIанчал регулаго» абураб гара-чIвари гьабуна Аргъвани росдал маданияталъул хIалтIухъаби Муминат Зайнудиновалъ ва ГIалибег МухIамадовас. ТIад Инхо росулъ «Нижеда лъала ва ракIалда буго» абураб ахIиялда гъоркь тадбир гьабуна, гьенив хIурматияв гьоболлъун вукIана рагъухъан-интернационалист С. СагIидов.

**«Баркала нужее, афгъаналъулал»**

Афганистаналда жидер рагъулаб борч борхарал ракIалде щвезаруна ЦIиликь росулъги. «Баркала нужее, афгъаналъулал» абураб тадбир тIобитIана маданияталъул хIалтIухъабаз. ИчIго соналъ халат бахъараб рагъул лъуга-бахъиназул баян гьабуна цIалдохъабазе ЦIияб Аргъвани росдал библиотекаялъул ва маданияталъул хIалтIухъабазги. «РагIинабичIеб рагъул солдатал» абураб тадбир тIобитIана гьез. Къо хIехьеялъул мисал бихьизабурал рагъухъаби ракIалде щвезаруна Данухъ росулъги. КДЦялъул директор Муминат МухIамаднасировалъ «ТIокIалъ киданиги рагъ букIунгеги» абураб ракIалдещвеялъул сагIат тIобитIана.

Щабдухъ росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей Раисат Абакаровалъ «РакIалдещвеялъул къо» абураб тадбир гIуцIана. Щабхъадерица ракIалде щвезаруна Афгъанистаналъул тунка-гIусиязулъ гIахьаллъарал росуцоял. Гьединго ЦIияб Данухъги афгъанал-ветеранал кIодо гьаруна.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Памятник гьабуна дица диего...

### Пушкин ракIалдещвеялъул къо кIодо гьабуна

**Маданияталъул хIалтIухъабазул ва библиотекаразул хIаракаталдалъун Александр Сергеевич Пушкин ракIалдещвеялъул къоялда хурхун тадбирал тIоритIана Бакълъул районалъул росабалъ. Гьедин, ГЦБСялъул хъулухъ гьабиялъул отделалъул хIалтIухъабаз МельелтIа росдал Чалаби МухIамадовасул цIаралда бугеб гьоркьохъеб школалъул 4-абилеб классалъул нухмалъулей Бикагъиз АхIмадовалда цадахъ адабияталъул сагIат тIобитIана.**




Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул маданияталъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас, ГЦБСялъул директор МахIмуд Загьировас, маданияталъул хIалтIухъабаз, библиотекараз ва цогидаз. Тадбиралда цIалдохъабаз машгьурав шагIирасул гIумрудул бицана, гьесул асарал цIалана, церерахъинал рихьизаруна. Тадбиралъул ахиралда ГЦБСялъул хъулухъ гьабиялъул отделалъул нухмалъулей Хамсат Ибрагьимовалъ цIалдохъабазе ва Бикагъиз АхIмадовалъе баркала загьир гьабуна, гьединго грамотаби ва сайгъатал кьуна. Гьединал тадбирал МельелтIа, Килалъ ва цогидал росабалъги тIоритIана.

**Макка МухIамадова**

МагIарулаз улка берцин гьабуна,
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна.
Игьалиса Чупалав

№ 7 21 февраль 2022 с.

БАРКИ

# Баркула ВатIан цIунулезул къо!

### Ясбер гIадин, улкаялъул эркенлъи цIуни-рагъухъабазул борч

**Нилъеца кIодо гьарулел бищунго хIурматиял байрамазул цояблъун ккола ВатIан цIунулезул къо. Россиялъул гIемермиллатазулаб халкъалъ ва гьелъул бахIарчиял яргъилал къуватаз 23 февралалда кIодо гьабула гьеб къо. БагIараб армия гIуцIи данде ккана къватIисеб интервенциялда данде гурхIел гьечIел рагъал унеб заманалда (1918 с.). Яргъилал къуватазе хIалбихьи щвана батIи-батIиял замаязда ккарал рагъазда, хасго КIудияб ВатIанияб рагъда. 1418 сордо-къоялъ халат бахъун рагъана БагIараб армиялъулал нахъегIанаб куцалда тIаде кIанцIарал гитлерилазда данде. Гьездаса бацIад гьабуна, гIагараб улка гуребги, цоги пачалихъалги.**

Советиял яргъилал къуватазул мустахIикъал ирсилаллъунги рукIун, гьезул хIурматияб байрахъ борхатго ккун буго Россиялъул армиялъ. Улкаялъул, гьелъул халкъалъул эркенлъи ва хIинкъигьечIолъи ясбер гIадин цIуни рикIкIунеб буго гьелъ хIурматияб борчлъун ва гьеб намусалда тIубазабулебги буго. Россиялъул армиялда мустахIикъаб къагIидаялда рагъулаб хъулухъ гьабулеб буго Бакълъулазул районалдаса гIолилазги. Районалъул тIолалго гIадамазда, армиялда хъулухъ гьабулезда ракI-ракIалъ баркула ВатIан цIунулезул къо. Гьарула киназего щулияб сахлъи, ракълилаб ва талихIаб гIумру.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев Гьалип Гьалипов**

ЦIУНЕ НИЖ ЦIАЯЛДАСА...

# Мажгитал цIа ккеялдаса цIуне!

**Мажгиталда цIа ккани яги бухIулеб жоялъул махI чIвани, хехаб хIалалда ахIизе ккола 01,101,112 номеразде ва битIун абизе ккола адрес, ахIи балев чиясул цIар, фамилия. ГIадамазе хIинкъи бугони, хехаб къагIидаялда гьезие къватIире лъугьине кумек гьабизе ккола, гьечIони, цIа свинабизе жигар бахъизе ккола. Мажгиталда бегьуларо жаниреквтIире хьвадулел нухда батIи-батIиял тIагIелал лъезе, бегьуларо, кIулалги ран нуцIби рахазе.**

Как бан лъугIун хадуб, мажгиталда бегьуларо хинлъи кьолел токалъул алатал свинаричIого тезе, хварал электроприборал хIалтIизаризе, токил жагъаллъи бугел кварал кIвар гьабичIого, газалъул ва токалъул алатал халгьабичIого тезе. Мажгиталъул щибаб тIалаялда рукIине ккола кIигониги цIа свинабулел алатал. Гьел ва цогидалги гьаризе кколел тадбиразул хIакъалъулъ пожарнияб часталъул хIалтIухъабаз баянал гьарула. ХIажат буго мажгиталде хьвадулез цIа ккеялдаса цIуниялъул къагIидаби цIуниялде кIвар буссинабизе.

**МелъелтIа росулъ бугеб № 45 пожарнияб часть**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Заира ГIабдуразакъовалъе – шапакъат

**2021-абилеб соналъул Пачалихъалъулаб хIасилазулаб аттестациялъул (ГИА-2021) хIалтIул хIасилазда рекъон Дагъистаналъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул министрасул ишал тIуралев ЯхIя Бучаевас экзамен кьеялъул пунктазул бищун лъикIал хIалтIухъабазе шапакъатал кьуна.**

ЛъикIаб къимат кьуразда гьоркьой № 101 пунктальул гIуцIарухъан, ЧIиркъатIа росдал гьоркьохъеб школалъул психолог Заира ГIабдуразакъоваги йиго. Гьелъие министрасул баркалаялъулаб кагъат кьуна Бакълъулазул лъайкьеялъул отделалъул специалист Сурхай Сурхаевас. Муниципалитеталъул нухмалъулев Гьалип Гьалиповас ГIабдуразакъовалда шапакъат щвей баркана ва гьарана нахъеккунги чIахIиял бергьенлъаби.

**«Гумбет» РИО**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет “Мехельтинский ”»

Решение: № 9

**с. Мехельта 29. 12.2021г.**

**Утвердить бюджет сельского поселения «Сельсовет “Мехельтинский”» на 2022 год в размере 7513 тыс. рублей, и плановый период на 2023 год в размере 6426 тыс. рублей, на 2024 год в размере 6437 тыс. рублей.**

**а) Доходы:**

| | 2022 г. | 2023г. | 2024г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 5476,0 | 4381,0 | 4381,0 |
| В т. ч. | | | |
| Субвенция | 281,0 | 272,0 | 283,0 |
| Собственные доходы | 1756,0 | 1660,0 | 1660,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 1059,0 | 1059,0 | 1059,0 |
| ЕСХН | 39,0 | 39,0 | 39,0 |
| Земельный налог | 579,0 | 579,0 | 579,0 |
| Имущественный | 79,0 | 79,0 | 79,0 |
| **ИТОГО:** | **7513,0** | **6426,0** | **6437,0** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 3090,0 | 2890,0 | 2890,0 |
| б) | МКУК | 1516,0 | 1380,0 | 1380,0 |
| в) | ВУС | 281,0 | 289,0 | 300,0 |
| г) | Доплата к пенсии | 83,0 | 83,0 | 83,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 75,0 | 55,0 | 55,0 |
| ж) | Молодежная политика | 75,0 | 55,0 | 55,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 2393,0 | 1674,0 | 1674,0 |
| | **ИТОГО:** | **7513,0** | **6426,0** | **6437,0** |

**Председатель сельского Собрания А. Х. Рурухмаева**

**Секретарь Собрания У. З. Магомеднабиев**

# Собрание депутатов сельского поселения «Село Гадари»

Решение: № 11

**с. Гадари 30. 12.2021г.**

**Утвердить бюджет МО «Село Гадари» на 2022 год в размере 1300,0 рублей, и плановый период на 2023 год в размере 1068,0 рублей, на 2024 год в размере 1071,0 рублей.**

**а) Доходы:**

| | 2022 г. | 2023г. | 2024г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 1180,0 | 944,0 | 944,0 |
| Субвенция | 88,0 | 92,0 | 95,0 |
| Собственные доходы | 32,0 | 32,0 | 32,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 1,0 | 1,0 | 1,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 29,0 | 29,0 | 29,0 |
| Имущественный | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| **ИТОГО:** | **1300,0** | **1068,0** | **1071,0** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1174,0 | 961,0 | 961,0 |
| ВУС | 88,0 | 92,0 | 95,0 |
| Ф/К и спорт | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| Молодежная политика | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| ЖКХ (благоустройство) | 23,0 | 0,0 | 0,0 |
| **ИТОГО:** | **1300,0** | **1068,0** | **1071,0** |

**Председатель сельского Собрания М. М. Магомедов**

# Собрание депутатов сельского поселения «Село Данух»

Решение: № 09

**с. Данух 31. 12.2021г.**

**Собрание депутатов постановляет :**

**Утвердить бюджет сельского поселения «Село Данух» на 2022 год и на плановый период 2023 и 2024 год.**

**1.Доходная часть:**

| ВИД доходов | 2022 г. | 2023 г. | 2024 г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2665,0 | 2132,0 | 2132,0 |
| Налог на доходы физических лиц | 20,0 | 20,0 | 20,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| Земельный налог | 68,0 | 68,0 | 68,0 |
| ЕСН | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| Субвенция | 109,0 | 114,0 | 117,0 |
| **ВСЕГО:** | **2872,0** | **2344,0** | **2347,0** |

**2.Расходная часть:**

| Вид расходов | 2022 г. | 2023 г. | 2024 г. |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1892,0 | 1593,0 | 1644,0 |
| Учреждения культуры | 771,0 | 581,0 | 536,0 |
| ВУС | 109,0 | 114,0 | 117,0 |
| ЖКХ (Благоустройство) | 60,0 | 38,0 | 35,0 |
| Молодежная политика | 15,0 | 5,0 | 5,0 |
| ФК и спорт | 25,0 | 13,0 | 10,0 |
| **ВСЕГО:** | **2872,0** | **2344,0** | **2347,0** |

**Председатель собрания А .И. Иманалиев**

# Собрание депутатов сельского поселения «Село Чирката»

Решение: № 14

**с. Чирката 09. 02.2022г.**

**Собрание депутатов постановляет:**

**Утвердить бюджет сельского поселения «село Чиркатa на 2022 год и на плановый период 2023 и 2024 годы.**

**1 .Доходная часть:**

| Вид доходов | 2022 | 2023 | 2024 |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2882,0 | 2306,0 | 2306,0 |
| Налог на доходы физических лиц | 55,0 | 55,0 | 55,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 47,0 | 47,0 | 47,0 |
| Земельный налог | 372 | 372,0 | 372,0 |
| Субвенция | 106,0 | 110,0 | 1113,0 |
| **ВСЕГО:** | **3462,0** | **2890,0** | **2893,0** |

**2. Расходная часть:**

| Вид расходов | 2022 | 2023 | 2024 |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 2098,0 | 1821,0 | 1820,0 |
| Учреждения культуры | 556,0 | 417,0 | 410,0 |
| ВУС | 106,0 | 110,0 | 113,0 |
| ЖКХ (Благоустройство) | 560,0 | 415,0 | 420,0 |

**(Продолжение - на 4 стр.)**

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет “Аргванинский ”»

Решение: № 10

с. Аргвани 30. 12.2021г.

**Утвердить бюджет сельского поселения «сельсовет Аргванинский» на 2022 год в размере 5635 тыс. рублей, и плановый период на 2023 год в размере 4681тыс рублей, на 2024 год в размере 4684 тыс. рублей.**

**а) Доходы:**

| | 2022 г. | 2023г. | 2024г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 4796,0 | 3837,0 | 3837,0 |
| Субвенция | 120,0 | 125,0 | 128,0 |
| Собственные доходы | 719,0 | 719,0 | 719,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 180,0 | 180,0 | 180,0 |
| ЕСХН | 15,0 | 6,0 | 6,0 |
| Земельный налог | 436,0 | 429,0 | 429,0 |
| Имущественный налог | 88,0 | 88,0 | 88,0 |
| **ИТОГО:** | **5635,0** | **4681,0** | **4684,0** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 2474,0 | 2209,0 | 2209,0 |
| б) | МКУК | 1349,0 | 1349,0 | 1349,0 |
| в) | ВУС | 120,0 | 125,0 | 128,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 50,0 | 30,0 | 30,0 |
| ж) | Молодежная политика | 15,0 | 15,0 | 15,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 1627,0 | 953,0 | 953,0 |
| | **ИТОГО:** | **5635,0** | **4681,0** | **4684,0** |

**Председатель сельского Собрания И. К. Исмаилов**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Чирката»

**(Начало - на 3 стр.)**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Молодежная политика | 10,0 | 7,0 | 5,0 |
| ФК и спорт | 30,0 | 25,0 | 25,0 |
| Доплата к пенсии | 60,0 | 60,0 | 60,0 |
| Резервный фонд | 42,0 | 35,0 | 40,0 |
| **ВСЕГО:** | **3462,0** | **2890,0** | **2893,0** |

**Председатель собрания М. М. Магомедханов**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

## Уважаемые налогоплательщики!

**Межрайонная инспекция Федеральной налоговой службы № 12 по Республике Дагестан сообщает, что с 1 января 2022 года все юридические лица, индивидуальные предприниматели и нотариусы имеют право получить ключ электронной подписи (КЭП) Удостоверяющим центром ФНС России. КЭП можно получит не только посредством электронного сервиса «Запись на прием в инспекцию», но можно получить услуги по выдаче КЭП при личном приеме в операционных залах и местах приема и обслуживания налогоплательщиков без предварительной записи. Получение подписи бесплатно и экстерриториально, то есть заявитель может обратиться в любую точку УЦ ФНС России. При обращении в налоговый орган заявителю необходимо при себе иметь:**

**- носитель, на котором будет сгенерирована подпись; то есть закрытый ключ, и затем уже выпустить сертификат и следующий пакет документов:**

**- основной документ, удостоверяющий личность**

**- СНИЛС.**

**А. М. Иманшапиев,**
**начальник Межрайонной инспекция Федеральной налоговой службы № 12 по Республике Дагестан**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## Гражданское оружие

**Уважаемые владельцы гражданского оружия. Убедительно просим Вас обратить внимание на сроки окончания разрешительных документов и своевременно обращаться для продления их сроков, т.е. за месяц до истечения срока действия (со всеми необходимыми документами), во избежание привлечения к административной ответственности.**

Так же просим Вас не нарушать правила хранения, ношение, приобретения, продажа, передача, перевозка оружия, за нарушение которого предусмотрено административное наказание.

По всем вопросам обращаться в отделение ЛРР с дислокацией в с. Ботлих (Инспектор, лейтенант полиции Муртазалиев С.С..

Номер телефона: (8-909-249-84-25)

или в ОМВД России по Гумбетовскому району ( 8-999-418-85-10)

**Д.С. Джамалудинов,**
**начальник УУП ОМВД России по Гумбетовскому району,**
**майор полиции**

РИТМ ГУМБЕТА

## В Гумбете идёт работа по выявлению правообладателей ранее учтённых объектов недвижимости

**Начальник отдела экономики и имущественных отношений администрации Гумбетовского района Хайрудин Халидов накануне посетил администрацию с. Чирката в рамках выезда рабочей группы по инвентаризации ранее учтённых объектов недвижимости.**

Отметим, что правообладателям ранее учтенных объектов необходимо понимать, что реализация закона не повлечет за собой никаких санкций (штрафов) в их отношении, поскольку государственная регистрация ранее возникших прав не является обязательной и осуществляется по желанию их обладателей. Наоборот, наличие таких сведений в ЕГРН обеспечит гражданам защиту их прав и имущественных интересов, убережет от мошеннических действий с их имуществом, позволит внести в ЕГРН контактные данные правообладателей (адресов электронной почты, почтового адреса).

Реализацией закона займутся органы государственной власти и органы местного самоуправления. Никаких действий со стороны правообладателей ранее учтенных объектов недвижимости не потребуется. Муниципалитеты проведут всю необходимую работу – самостоятельно проанализируют сведения в своих архивах, запросят информацию в налоговых органах, ПФР России, органах внутренних дел, органах записи актов гражданского состояния, у нотариусов и т.д. В случае выявления собственников ранее учтенных объектов муниципалитеты проинформируют их об этом по электронной почте и самостоятельно направят в Росреестр заявления о внесении в ЕГРН соответствующих сведений. Также закон предполагает возможность снятия с кадастрового учета прекративших существование зданий и сооружений. Это будет осуществляться на основании подготовленного уполномоченным органом акта осмотра такого объекта без привлечения кадастрового инженера. При этом правообладатель ранее учтенного объекта по желанию может сам обратиться в Росреестр с заявлением о государственной регистрации ранее возникшего права. В этом случае ему нужно прийти в МФЦ с паспортом и правоустанавливающим документом, а также написать соответствующее заявление.

Госпошлина за государственную регистрацию права гражданина, возникшего до 31.01.1998 права на объект недвижимости, не взимается.

Ранее учтенными объектами недвижимости считаются, в том числе те, права на которые возникли до вступления в силу Федерального закона от 21 июля 1997 г. № 122-ФЗ «О государственной регистрации прав на недвижимое имущество и сделок с ним» и признаются юридически действительными при отсутствии их государственной регистрации.

**РИО «Гумбет»**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Проводится профилактическое мероприятие « Осторожно – пешеход»

**Во исполнение требований распоряжения МВД по Республике Дагестан от 16.02.2022 года №1/776. «О проведении целевого профилактического мероприятия «Осторожно-пешеход!» .**

На территории Гумбетовского района с 18.02.2022г. по 27.02.2022г. года проводится оперативно-профилактической операция «Осторожно-пешеход!»

В рамках операции ОГИБДД провести обследования эксплуатационного состояния пешеходных переходов, уделив особое внимание состоянию дорожной разметки, дорожных знаков, пешеходных ограждений и наличию искусственного освещения. выдать главам сельских администраций района предписания для устранения выявленных недостатков. Также в образовательных и дошкольных учреждениях ОГИБДД совместно с ОУУП и ПДН проводит профилактическая работа в целях предотвращения детского дорожно-транспортного травматизма.

В рамках проведения данной операции осуществлять надзорная функция в сфере дорожной деятельности и технического надзора. По итогам проведенной работы будут приняты меры реагирования на противоправные действия (бездействия) должностных и юридических лиц при содержании переходов и эксплуатации автотранспорта.

За нарушение КоАП предусмотрено по ч 1 ст. 12.29 КоАП РФ «Нарушение Правил дорожного движения пешеходом или иным лицом, участвующим в процессе дорожного движения», по ст. 12.18 КоАП РФ «Непредоставление преимущества в движении пешеходам или иным участникам дорожного движения».

**Р.О. Ахкубегов,**
**начальник ОГИБДД ОМВД России по Гумбетовскому району,**
**майор полиции**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекьон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.